

22 me

Donk, kòm Bondye jistifye nou dapre lafwa, ebyen, nou gen lapè avèk Bondye, grasa Senyè nou an, Jezi Kris. Women 5. 1

Lafwa oswa zèv ?

Vrèmanvre, se akòz gras li, ki fè nou sove, grasa lafwa. E sa pa soti nan nou menm, se kado Bondye. Sa pa soti nan zèv, dekwa pou pèsonn pa vante tèt yo. (Efezyen 2. 8, 9)

Yon evanjelis t ap eksplike pasaj sa. Li di, nou rekonsilye, nou gen lapè ak Bondye akòz lafwa sèlman, se kado Bondye. Se pa travay nou travay pou lavi etènèl nou, nou pa merite l, nou pa ka achte l. Yon oditè, ki rete kwè, zèv yo nesesè pou lavi etènèl li, lè sa a, li site yon lòt pasaj nan Bib la : “Donk, nou wè sa : Bondye jistifye yon nonm dapre zèv li, se pa dapre lafwa li sèlman” (Jak 2. 24). Eske youn pa mache ak lòt ?

Bib la se pawòl Bondye, Sentespri a se otè li. Bondye pa kontredi tèt li. De vèsè sa yo bay de lide diferan e ki konplete youn lòt : sa Bondye wè ak sa lèzòm ka wè.

Bondye kapab li nan lide nou ak nan kè nou. Li konnen si kretyen an repoze sèlman sou zèv Kris la pou li ka sove. Lè sa a, li vin “jis” devan Bondye. Lafwa se yon bagay ki montre konfyans nan li, men se pa yon senp rete kole ak yon bann prensip.

Pou lèzòm, ki sèlman wè rezilta moun ka wè, transfòmasyon ki fèt andedan an, se zèv yo ki fè moun ka wè lafwa. Zèv yon kretyen mache ansanm ak sa li gen nan kè li. Lavi chak jou li a, se sa ki tradui lafwa li. Tou de kote yo enpòtan. Dabò lafwa pou ka sezi kado Bondye a, apre sa, zak yo, ki se fwi lavi ki sot nan Bondye a.

Justifiés sur la base de la foi, nous avons la paix avec Dieu par notre Seigneur Jésus Christ. Romains 5. 1

Foi ou œuvres ?

“C’est par la grâce que vous êtes sauvés, par le moyen de la foi, et cela ne vient pas de vous, c’est le don de Dieu ; non pas sur la base des œuvres, afin que personne ne se glorifie” (Éphésiens 2. 8, 9).

Un évangéliste expliquait ce texte. Nous sommes réconciliés, nous avons la paix avec Dieu par la foi seulement, c’est un don de Dieu. Notre salut ne se gagne pas, ne se mérite pas, ne s’achète pas, disait-il. Un auditeur, persuadé que les œuvres étaient nécessaires au salut, lui a alors cité un autre texte de la Bible : “Vous voyez qu’un homme est justifié par les œuvres et non par la foi seulement” (Jacques 2. 24). Est-ce incompatible ?

La Bible est la Parole de Dieu, le Saint Esprit est son auteur. Dieu ne se contredit pas. Ces deux versets expriment deux points de vue différents et complémentaires : ce que Dieu voit et ce que peuvent voir les hommes.

Dieu peut lire dans nos pensées et dans notre cœur. Il sait si le croyant ne s’appuie que sur l’œuvre de Christ pour être sauvé. Il est alors rendu “juste” devant Dieu. La foi est un acte de confiance envers lui et non une simple adhésion à un ensemble de dogmes.

Pour les hommes, qui ne voient que le résultat extérieur de la transformation intérieure, ce sont les œuvres qui rendent la foi visible. Les œuvres d’un chrétien sont cohérentes avec ce qu’il est au fond de lui. Sa vie quotidienne est la traduction de sa foi. Les deux côtés sont importants. D’abord la foi pour saisir le cadeau de Dieu, puis les actes, comme fruits de la vie divine.